

ETA FLORIDA

PLAN DAKSYON *pou* RETABLISMAN APRE DEZAS



Se Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Etazini ki te soumèt li pou respekte kondisyon pou pwogram Blòk Devlopman Kominotè - Retablisman Dezas (Community Development Block Grant-Disaster Recovery, CDBG-DR) pou retablisman apre Siklòm Irma.

Modifikasyon Sibstansyèl 6yèm - Apwouve pa HUD 1/23/2020			
Retounen Paj #	Nouvo Paj #	Seksyon	Sa nou chanje/ajoute/efase
9	9	Lis Sijè yo	Mizajou Tabdèmatyè pou efase antre Asistans Biznis pou nouvo rezidan Florida ki soti Pòtoriko yo.
13	13	Lis Tablo yo	Mete Ajou Nimewo Paj
14-15	14-15	Lis Chif yo	Mete Ajou Nimewo Paj
100	103	Pwojè ak Aktivite	Retire Asistans Biznis pou nouvo rezidan Florida ki soti Pòtoriko yo, ogmante Sibvansyon Bidjè Pwogram pou Retablisman Biznis a \$66,000,000
101	103	Pwojè ak Aktivite	Ogmante Bidjè Total Sibvansyon Retablisman Biznis la, Repatisyon Bidjè MID, Prim Maksimòm, ak Kantite Inite Estiem
102	103	Pwojè ak Aktivite	Retire Sèvis Piblik ak Asistans Biznis pou nouvo rezidan Florida ki soti Pòtoriko yo nan Bidjè Pwogram nan
121-122	123-125	Pwojè ak Aktivite	Revize kouvèti Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la, repatisyon pou aktivite, aplikan ki kalifye, prim minimòm ak prim maksimòm
122	Pa Aplikab	Pwojè ak Aktivite	Retire pwogram Asistans Piblik ak Asistans Biznis pou nouvo rezidan Florida ki soti Pòtoriko yo.

Lis Sijè yo

LIS TABLO YO	13
LIS CHIF YO.....	14
I. ENTWODIKSYON AND ENFÒMASYON JENERAL.....	16
II. EVALYASYON BEZWEN KI PA SATISFÈ	17
Seksyon 1: Entwodiksyon.....	17
Enfòmasyon Jeneral.....	17
Seksyon 2: Pwogram Retablisman Apre Dezas Florida.....	18
Pwofil Kominotè: Rezime Enpak avèk Konte ki gen Deklarasyon Prezidansyèl yo	18
Siklòn Irma	18
Pwofil Demografik Zòn ki Afekte a	29
Enpak sou Popilasyon Revni Ba ak Revni Mwayèn.....	30
Enpak sou Popilasyon Bezwen Espesyal yo	40
Seksyon 3: Evalyasyon bezwen ki pa satisfè.....	50
Rezime Enpak ak Bezwen ki pa satisfè.....	51
Enpak sou Lojman	52
Kalite Lojman ki Afekte	56
Grenn Fanmi	56
Lojman pou Lwe.....	57
Lojman Abòdab.....	62
Kay Mobil	67
Pwopriyete rezidansyèl nan Zòn Inondasyon.....	70
Finansman pou Lojman ki Disponib.....	76
Èd Endividyèl (Individual Assistance, IA) FEMA.....	76
Kouvèti Pwogram Asirans Nasyonal Kont Inondasyon (National Flood Insurance Program, NFIP).....	76
Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA).....	78
Benefis Asirans Prive.....	78
Bezwen Lojman ki pa Satisfè	80
Metodoloji Enpak Lojman.....	80
Enpak Enfrastrikti.....	83
HMGP ak Rezistans	85
Enpak Ekonomik.....	85
Biznis ak Travay	85

Konsiderasyon Kle Florida.....	89
III. KONDISYON POU PLAN DAKSYON JENERAL LA.....	90
1. Koneksyon Ant Bezwen ak Alokasyon Finansman	90
2. Lojman Piblik, Lojman Abòdab ak Lojman pou Popilasyon ki Vilnerab.....	91
3. Minimize oswa Abòde Deplasman	92
4. Evalyasyon Maksimòm Asistans ak Depans ki rezonab.....	93
5. Ogmantasyon Estanda	94
6. Planifikasyon ak Kowòdinasyon	94
7. Aktivite Enfrastrikti	96
8. Kontwòl Finansman yo	96
9. Pwoteksyon Moun ak Pwopriyete; Metòd Konstriksyon	96
10. Pwogram Revni.....	98
11. Estanda ak Pwosedi pou Siveyans	98
12. Enfrastrikti Band	99
IV. PWOJÈ AK AKTIVITE	100
1. Metòd pou Distribisyon	100
2. Bidjè Pwogram nan.....	101
3. Baz pou Alokasyon	105
4. Detay Pwogram nan.....	107
Aktivite Lojman	107
Pwogram Reparasyon Lojman	108
Pwogram Konstriksyon Nouvo Lokasyon Abòdab Mendèv	116
Pwogram Volontè pou Vann Kay	120
Peryòd Aksèsibilite	121
Aktivite Revitalizasyon Ekonomik.....	122
Pwogram Fòmasyon Rekiperasyon Mendèv.....	122
Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis.....	123
Reparasyon Enfrastrikti ak Aktivite Rediksyon	125
Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Rediksyon	126
5. Sèvi ak CDBG-DR kòm Korespondans.....	128
6. Aktivite ki Kalifye	128
7. Metòd pou Distribisyon	128
V. POZISYON, MEZI REDIKSYON AK BEZWEN IJAN	130

1. Konte Prezidan a Deklare	130
2. Mezi Rediksyon	130
3. Itilizasyon Bezwen Ijan	130
VI. Patisipasyon Sitwayen	131
Piblikasyon	131
1. Sit Entènèt Piblik	131
2. Konsiltasyon	132
Seminè sou Entènèt.....	132
Reyinyon Patiprenant Gouvènman Lokal yo.....	132
Sondaj Kominote Patiprenant yo.....	133
Atelye Retablisman Ekonomik	136
Sansibilizasyon Lojman Abòdab Mendèv Florida	136
Sit Entènèt	137
Lòt Sansibilizasyon.....	137
3. Aksèsibilite	137
4. Resevwa Kòmantè.....	138
5. Chanjman ki gen gwo enpak	138
6. Rezime Kòmantè Piblik.....	138
7. Plent Sitwayen	138
VII. Dokimantasyon Sètifikasyon ak Risk Analiz	140
1. Sètifikasyon CDBG-DR	140
2. SF-424	142
VIII. KONKLIZYON.....	143
1. Konplè ak Konfòm	143
2. Avan Prim, Avan Kontra ak Ranbousman.....	143
3. Lwa sou Demenajman Inifòm	143
4. Enplemantasyon Pwogram Retablisman Apre Dezas.....	144
5. Patisipasyon Sitwayen ak Aplikasyon pou Asistans	144
IX. ANÈKS AK DOKIMAN SIPÒ	145
Anèks 1: 2017 Limit Revni Fanmi pou Konte IA Deklare	145
Anèks 3: Reklamasyon pou Asirans pa Konte pou Siklòn Irma.	172
Anèks 4: Konte Popilasyon LMI a pa gwoup blòk ak konte pou konte Irma afekte yo.....	174
Anèks 5: Reklamasyon ak peman yo Asirans Nasyonal Kont Inondasyon.....	175

Plan Daksyon Eta Florida pou Retablisman Apre Dezas

Anèks 6: Distribisyon Aplikan FEMA < 30 Pousan Revni Ba/Modere,
Laj ak bezwen pou Aksè/Fonksyonèl 177

Anèks 7: Distribisyon Aplikan FEMA < 30 Pousan Revni Ba/Modere,
asistans ak lojman asistans yo te resevwa..... 177

Anèks 8: Distribisyon Aplikan FEMA < 50 Pousan Revni Ba/Modere,
Laj ak bezwen pou Aksè/Fonksyonèl 179

Anèks 9: Distribisyon Aplikan FEMA < 50 Pousan Revni Ba/Modere,
asistans ak lojman asistans yo te resevwa..... 179

Anèks 10: Distribisyon Aplikan FEMA < 80 Pousan Revni Ba/Modere,
Laj ak bezwen pou Aksè/Fonksyonèl 181

Anèks 13: Kòmantè nou resevwa pandan peryòd kòmantè piblik 30 jou 195

LIS TABLO YO

Tablo 1: Sous Done yo Itilize nan Rezime Enpak ak Bezwen ki pa satisfè	18
Tablo 2: Maksimòm tanpèt ki sot nan Irma	21
Tablo 3: Lis konte yo deklare pou deklarasyon dezaz prezidansyèl 4337 (Siklòn Irma)	25
Tablo 4: Enfòmasyon sou pwofil demografik – Done Sondaj Kominote Ameriken, publikasyon 2016	29
Tablo 5: Konte Popilasyon LMI a pa gwoup blòk ak konte pou konte Irma afekte yo	32
Tablo 6: Chanjman nan popilasyon sanzabri pa zòn kontinasyon swen eta, 2015-2016	44
Tablo 7: Rezidans nanabri pa Konte pou Siklòn Irma	47
Tablo 8: Kantite Evakye Maria yo Estime nan Lekòl Florida yo, pa Konte	48
Tablo 9: Kantite Evalye Maria yo Estime kòm yon Fonksyon nan Enskripsyon Lekòl	49
Tablo 10. Sous Done yo Itilize nan Rezime Enpak ak Bezwen ki pa satisfè	50
Tablo 11. Estimasyon enpak, sipò ak Bezwen ki pa satisfè	52
Tablo 12: Pwopriyete FEMA IA Rezime aplikan nan Konte Afekte IA Siklòn Irma	52
Tablo 13: Lokatè FEMA IA Rezime aplikan nan Konte Afekte IA Siklòn Irma	
Tablo 14: Aplikan FEMA IA pa Kalite Lojman	
Tablo 15: Inite lokasyon pa ane li te bati	59
Tablo 16: 2017 Enpak Siklòn sou Inite pwopriyete ak inite pou lwe yo	59
Tablo 17: Pousantaj Revni Depanse nan Lojman selon Revni Pwopriyete / Lokatè, Florida, 2015	61
Tablo 18: Done sou Pri Fado, Rezime Florida.....	51
Tablo 19: Kou Lavi.....	62
Tablo 20: Nivo Povrete.....	63
Tablo 21: Enpak pou Pwogram Lokasyon	66
Tablo 22: Enpak sou Lojman Abòdab.....	66
Tablo 23: Fwaye ki Deplase.....	66
Tablo 24: KAY MOBIL KI GEN PÈT VERIFYE SELON KONTE A	69
Tablo 25: Estrikti yo Detèmine Domaje Anpil (SD) ak Kominote pa yo	70
Tablo 26: Repatisyon Finansman Pwogram FEMAN pou Asistans Lojman Siklòn Irma	74
Tablo 27: Repatisyon Aplikan FEMA selon Deja ki Evalye ak Asirans Lojman FEMA yo te resevwa	76
Tablo 28: Reklamasyon Pwopriyete NFIP ak Total	77
Tablo 29: Done Reklamasyon pou Asirans Siklòn Irma	78
Tablo 30: Derive Total Enpak ak Bezwen ki pa satisfè pou kay yo.....	82
Tablo 31: Rè bezwen ki pa satisfè yo idantifye nan deja enfrastrikti.....	
Tablo 32: Repatisyon Depans pou Enfrastrikti pa kategori	84
Tablo 33: Pwojè Asistans Piblik pa Kategori, Siklòn Irma.....	84
Tablo 34: Derive Total Enpak ak Bezwen ki pa satisfè pou biznis yo	87
Tablo 35: Rapò yo itilize pou estime pèt biznis operasyon	88
Tablo 36: Pwojeskyon ak Òf ak Demann Eta a 2017-2025.....	89
Tablo 37: Konte Florida IA ak Deklare PA.....	100

LIS CHIF YO

Chif 1: Gwo Van Siklòn Irma nan Sid Florida.....	19
Chif 2: Siklòn Irma Vale Teren nan West Palm Beach	19
Chif 3: Gwo Van Siklòn Irma nan sid santral, sidwès ak lwès Florida.....	20
Chif 4: Gwo Van Siklòn Irma nan nò santral Florida ak sid Georgia	21
Chif 5: Obsèvasyon inondasyon preliminè Siklòn Irma nan sid Florida	22
Chif 6: Estimasyon inondasyon Siklòn Irma nan Jacksonville, FL.....	23
Chif 7: Siklòn Irma ak lapli estime.....	24
Chif 8: Konte yo deklare pou deklarasyon dezas prezidansyèl 4337 (Siklòn Irma)	27
Chif 9: Premye evalyasyon HUD sou konte ak kòd postal ki afekte plis yo	28
Chif 10: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Brevard	33
Chif 11: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Broward	33
Chif 12: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Clay.....	
Chif 13: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Collier	34
Chif 14: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Duval	34
Chif 15: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Hillsborough	34
Chif 16: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Lee.....	35
Chif 17: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Konte Miami-Dade	35
Chif 18: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Konte Monroe	
Chif 19: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Osceola.....	35
Chif 20: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Konte Orange.....	36
Chif 21: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Palm Beach.....	36
Chif 22: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Polk.....	36
Chif 23: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Konte St. Lucie	
Chif 24: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn HUD idantifye ki te pi afekte yo - Konte Volusia.....	37
Chif 25: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 32091 (Bradford) ..	37
Chif 26: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 32136 (Flagler).....	37
Chif 27: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 34266 (DeSoto).....	37
Chif 28: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 32084 (St. Johns)	38
Chif 29: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 32145 (St. Johns)	38
Chif 30: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 32771 (Seminole)....	38

Plan Daksyon Eta Florida pou Retablisman Apre Dezas

Chif 31: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 33440 (Hendry).....	38
Chif 32: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 33523 (Pasco)	39
Chif 33: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 33825 (Highlands).....	39
Chif 34: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 33870 (Highlands).....	39
Chif 35: Revni ant ba ak modere pa gwoup blòk pou zòn ki pi afekte HUD idantifye - Kòd postal 33935 (Hendry).....	39
Chif 36: Pousantaj popilasyon ki pa pale anglè	41
Chif 37: Popilasyon ki depann sou laj (<5 ane oswa> 65 ane) pa zòn.....	42
Chif 38: Pousantaj popilasyon k ap viv anba li povrete a pa zòn	43
Chif 39: Pousantaj chomaj pa zòn	43
Chif 40: Pousantaj popilasyon kay mobil selon zòn	43
Chif 41: Distribisyon enpak, sipò ak Bezwen ki pa satisfè pa kategori.....	51
Chif 42: Valè Mwayèn Kay la.....	57
Chif 43: Popilasyon Moun ki lwe	58
Chif 44: Popilasyon Kay Mobil	67
Chif 45: Pwopriyete nan Zòn Inondasyon.....	74
Chif 46: Metodoloji Bezwen ki pa Satisfè Lojman HUD apati me 2018	80
Chif 47: Metodoloji Bezwen ki pa Satisfè Biznis HUD apati me 2018	87

Plan Daksyon Eta Florida pou Retablisman Apre Dezaz

Bidjè Pwogram nan									
Pwogram	Bidjè Total	Repatisyon Bidjè MID		Minimòm Akote pou Kle	Minimòm Akote pou Nouvo MID	Estimasyon Avantaj LMI	Prim Maksimòm	Prim mwayen pou chak inite	Estimasyon # inite**
		80%	20%						
Bidjè LOJMAN									
Pwogram Reparasyon Lojman	\$346,186,147	\$240,402,400	\$53,927,400	\$50,000,000	\$51,856,347	90%	\$150,000	\$45,000	7,150
Pwogram Konstriksyon Nouvo Lokasyon Abòdab Mendèv Nenpòt lòt sous finansman	\$100,000,000	\$80,000,000	\$20,000,000	\$25,000,000	Pa Aplikab	100%	\$8,000,000	\$60,000	1,670
Pwogram Konstriksyon Nouvo Lokasyon Abòdab Mendèv Devlopman Ti Lwaye	\$20,000,000	\$16,000,000	\$4,000,000	\$0	Pa Aplikab	100%	\$5,000,000	\$125,000	160
Akizisyon Tè pou Lojman Mendèv Abòdab	\$20,000,000	\$16,000,000	\$4,000,000	\$10,000,000	Pa Aplikab	100%	\$5,000,000	Pa Aplikab	Pa Aplikab
Pwogram Volontè pou Vann Kay	\$75,000,000	\$60,000,000	\$15,000,000	\$10,000,000	Pa Aplikab	50%	\$5,000,000	\$225,000	300
Bidjè REVITALIZASYON EKONOMIK									
Fòmasyon Mendèv Retablisman	\$20,000,000	\$16,000,000	\$4,000,000	Pa Aplikab	Pa Aplikab	100%	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab
Sibvansyon Retablisman Biznis	\$66,000,000	\$52,800,000	\$13,200,000	Pa Aplikab	Pa Aplikab	100%	\$500,000	Pa Aplikab	250

Plan Daksyon Eta Florida pou Retablisman Apre Dezas

Bidjè ENFRASTRIKTI									
Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Rediksyon - Sik aplikasyon konpetitif	\$81,819,653	\$65,455,722	\$ 16,36,3931	Pa Aplikab	*sa yo nan 80%	25%	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab
ADMINISTRASYON ETA AK LOKAL									
Administrasyon (5%)	\$38,679,900	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab
Planifikasyon	\$1,912,300	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab	Pa Aplikab
TOTAL	\$773,598,000	\$567,022,053	\$114,127,400	\$95,000,000	\$51,856,347				

Katreven pousan nan chak alokasyon pwogram ki nan lis anba a pral depanse nan kominote HUD ki idantifye ki pi afekte ak nan plis detrès yo. Finansman an ladan kòm yon minimòm yo mete akote pou Konte Monroe se yon pati nan 80 pousan yo pral depanse nan kominote ki afekte ak boulvèsè plis yo. Yo pral depanse rès 20 pousan an nan kominote eta a idantifye ki gen plis enpak epi ki pi boulvèsè, ki nan tablo ki anwo a.

Men kijan nou pral detaye bidjè pwogram nan:

*Florida pral resevwa yon lòt \$634 milyon dola pou sipòte plis bezwen ki pa satisfè, tankou efò enfrastrikti ak rediksyon deja nan pwogram CDBG-DR la. N ap distribye plis finansman pou pwogram sa a lè nou pibliye konsèy federal la.

**Yo kalkile kantite inite yo estime a dapre sipozisyon montan prim pou chak inite yo pral varye soti nan prim mwayèn estime a yon prim maksimòm ki estime a \$150,000. Nimewo estime inite yo te awondi nan bidjè pwojè sa a pou pèmèt gen fleksibilite ak nenpòt sa ki pa presi nan estimasyon nou yo. Apre DEO resevwa done ki pi egzak, nou pral mete bidjè pwogram nan ajou pou reflète vrè pri ak inite yo byen. Ajisteman sa yo pral gen amandman nan plan daksyon ki fèt apre yo. Evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo te montre pifò bezwen ki pa satisfè yo gen pou wè ak lojman. Se poutèt sa, pi gwo alokasyon an pral abòde rès bezwen lojman ki pa satisfè yo.

Plan Daksyon Eta Florida pou Retablisman Apre Dezas

- Elektrisite;
- Operasyon ekipman lou;
- Enstalasyon tapi;
- Enstalasyon vit / fenèt;
- Platraj;
- Soudaj;
- Fòmasyon pèsonalize; ak
- Fòmasyon Sou Plas Travay (OJT).

DEO ap chwazi antite pou bay sèvis fòmasyon mendèv atravè yon sik aplikasyon konpetitif. DEO ap chèche pwopozisyon ki soti nan Tablo Devlopman Mendèv kalifye, enstitisyon edikatif, ak sant teknik, ki pral dekri sèvis yo ka bay nan kominote ki afekte yo. **Pwogram sa a se pa yon pwogram sibvansyon dirèk. Yo pa pral peye okenn moun k ap chèche fòmasyon travay dirèkteman.**

Seksyon 3 nan pwogram nan egzije pou benefisyè finansman CDBG-DR yo bay, nan limit ki pi gwo posib, fòmasyon, travay, kontra ak lòt opòtinite ekonomik pou moun ki gen revni ba ak ba anpil, ak bay konsèy biznis ki bay opòtinite ekonomik bay moun ki gen revni ba ak ba anpil. Sou-benefisyè yo pral oblije demontre efò pou rekrute ak sible rezidan k ap resevwa asistans lojman piblik ak lòt moun ki gen revni ba ak ba anpil. Epi tou, sou-benefisyè yo ap oblije demontre yo refere moun ki gradye yo bay biznis ki gen sipò oswa ki travay ak nenpòt pwojè ki resevwa finansman CDBG-DR pou satisfè objektif kontra Seksyon 3 yo.

Alokasyon pou Aktivite: \$20,000,000

Sou-benefisyè ki kalifye yo: Komite Devlopman Mendèv lokal, enstitisyon edikatif, ak sant teknik

Prim Maksimòm: Pa Aplikab

Antite Responsab pou Administrasyon: DEO, sou-benefisyè

Kalifikasyon: 105(a)(8)

Objektif Nasyonal:Avantaj pou moun ki gen revni ba ak modere

Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis

Ti biznis yo jwe yon gwo wòl nan ekonomi lokal yo nan tout eta a. Plizyè ti biznis atravè Florida kreye travay, epi kore kominote yo, ki se boutik, restoran, ak konpayi konstriksyon oswa pou lapèch yo. Lè ti biznis yo soufri nan yon dezast, li ka gen yon kokennchenn konsekans. Domaj nan estrikti, ekipman ak envantè, mete ansanm avèk enpak negatif sou kliyantèl la ka fè yo pèdi anpil lajan epi anpil moun pèdi travay, ak move konsekans pou anplwaye yon biznis ak kominote an. Pandan anpil pwopriyetè biznis gen asirans pou estrikti yo epi kèk nan yo ka gen asirans sou sa ki nan bilding yo, evènman tankou sa yo ka mande pou pwopriyetè ti biznis sa yo pran aplike pou plis kredi ak prè, menm pran tout sa ki nan nan ekonomi yo pou fè reparasyon ak ranplasman minimòm pou asire pòt yo rete louvri. Jan nou te wè nan evalyasyon bezwen ki pa satisfè a, anpil nan ti biznis sa yo, ansanm ak òganizasyon san bi likratif yo atravè Florida, te afekte nan Siklòn Irma. Pou ede ti biznis ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo rekipere nèt apre tanpèt la, DEO pral kreye yon Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis pou biznis ki kalifye epi òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo nan Siklòn Irma.

zòn ki plis afekte ak boulevèse yo. DEO ka chwazi yon sou-benefisyè pou administre pwogram sa a si li demontre li gen eksperyans ki nesèsè pou kore ti biznis k ap chèche fon federal ak kapasite pou ede ti biznis nan Eta Florida yo. Aktivite sou-benefisyè ki gen rapò ak pwogram sa a ka gen admisyon aplikasyon sibvansyon pou biznis, evalyasyon aplikasyon, distribisyon finansman, ak aktivite pou finalize sibvansyon.

Yo dwe itilize fon sibvansyon yo pou aktivite ki kalifye ak CDBG-DR sèlman. **Pwogram sa a pa yon pwogram konpansasyon epi li pa konpanse pou revni ki pèdi.** Itilizasyon lajan ki kalifye yo gen ladan, ekipman, mèb, enstalasyon, envantè, peman ipotèk, ak espas pou lwe Dokimantasyon sou enpak Siklòn Irma pral obligatwa.

Yo ka itilize lajan sibvansyon pou kontribye menm kantite a oswa lòt kondisyon pou kontribye pou nenpòt lòt pwogram federal lè yo itilize pou fè yon aktivite CDBG-DR ki kalifye. Yo ka itilize Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la pou ranbouse depans ki kalifye pou CDBG-DR yo te peye ak benefis kredi nan yon pwogram kredi sibvansyone. Yo ka itilize Finansman Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis yo pou peye enterè yo dwe sou kredi sibvansyone, depi enterè a se pou aktivite ki kalifye pou CDBG-DR. Yo pa ka itilize lajan finansman yo pou peye frè yo oswa yon pati nan pòsyon enterè ki aktivite ki kalifye pou CDBG-DR.

Biznis ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki resevwa yon prim nan Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la ka oblije gen asirans pou inondasyon pou garanti pwopriyete ki resevwa èd CDBG-DR la gen pwoteksyon kont lòt dezast pi devan. Asirans pou inondasyon NFIP ki konfòme yo pral mande pou nenpòt ki ekipman yo te achte pou plis pase \$5,000 pou tout vi ekipman an oswa dire sibvansyon an, si biznis la oswa òganizasyon ki pa la pou fè pwofi a andedan plenn inondasyon an.

Biznis ki te afekte nan Siklòn Irma ka te genyen non sèlman domaj nan estrikti fizik, ekipman ak envantè yo, men yo ka kontinye ap afekte ak chanjman ki gen nan ekonomi an apre dezast la. Menm ak kredi, sibvansyon ak lòt asistans pou dezast, biznis nan zòn ki afekte yo ka kontinye ap goumen. Biznis yo ka bezwen èd pou adapte modèl biznis yo epi ogmante rezistans yo pou asire lè asistans pou dezast la fini, non sèlman yo pral siviv, y ap boujonnen. L ap enpòtan anpil pou garanti siksè ti biznis yo nan ekonomi lokal la ak kore retablisman total kominote yo. Pou bay resous pou sipòte biznis ki afekte ak dezast la, nou pral itilize \$6,000,000 nan finansman ki soti nan Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la pou mete an plas yon pwogram asistans teknik pou ti biznis ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi Siklòn Irma te afekte yo. Yo pral bay priyorite pou biznis ki resevwa yon sibvansyon nan Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la.

Pwogram asistans teknik sa a ka gen ladan semèn, konsiltasyon, ak lòt kalite asistans ki gen rapò ak:

- Jesyon biznis;
- Jwenn aksè nan kapital;
- Devlope nouvo modèl biznis;
- Enfòmasyon konsènan chanjman nan mache rejyonal espesifik;
- Asistans avèk kontabilite ak jesyon finansyè;
- Maketing avèk lavant; ak
- Mezi pou biznis la kontinye fonksyone ak rezistans.

Sèvis asistans teknik yo pral fèt nan lang angle, panyòl, ak kreyòl ayisyen.

Nou pral itilize \$6,000,000 nan lajan nou mete akote ou pati asistans teknik pou Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la pou bay kontra bay founisè pou bay sèvis asistans teknik. Florida ap chache pwopozisyon nan men founisè sèvis yo, ki pral dekri sèvis yo kapab bay biznis ki ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki afekte yo.

Founisè ki gen kontra yo pral bay asistans teknik pou ti biznis ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki kalifye. Nou pa pral peye okenn lajan pou asistans teknik dirèkteman bay biznis oswa òganizasyon ki pa la pou fè pwofi k ap chèche asistans teknik.

Pwogram Sibvansyon Rekiperasyon Biznis la pral ankouraje kreyasyon travay, ede moun kenbe travay, ak avansman moun ki gen revni ba oswa modere kote nou itilize objektif nasyonal pou moun ak revni ba ak modere yo. Yo pral itilize omwen 50 pousan nan Fon Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis lan pou satisfè objektif nasyonal avantaj revni ba ak revni modere a. Pwogram Sibvansyon Retablisman Biznis la pral satisfè yon estanda avantaj piblik nan gwoup yon (1) djòb ki kreye oswa kenbe pou chak \$50,000 nan asistans yo bay; egzijans sa a pa konsène finansman asistans teknik. Tout pwojè BRGP finance yo dwe satisfè yon objektif nasyonal ki kalifye. Yo pral itilize objektif nasyonal bezwen ijan an sèlman si pwojè a pa satisfè egzijans LMI, men li nesesè pou soulaje kondisyon ijans ki poze yon gwo menas touswit nan sante oswa byennèt kominote a.

Alokasyon pou Aktivite: \$66,000,000

Aplikasyon ki Kalifye: Ti biznis pou fè pwofi ak sa ki pa la pou fè pwofi yo, jan SBA defini sa nan 13 CFR Pati 121 ([gade https://www.sba.gov/document/support-table-size-standards](https://www.sba.gov/document/support-table-size-standards)), ak deja, pèt, oswa lòt enpak yo demontre Siklòn Irma te lakòz.

Kritè Kalifikasyon: Ti biznis ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo dwe nan zòn HUD oswa eta a idantifye gen plis enpak ak plis boulvèsè pou Siklòn Irma epi yo te dwe ap fonksyone depi omwen 10 septanm 2017.

Minimòm Prim Sibvansyon pou yon Biznis / Òganizasyon ki pa la pou fè pwofi: \$25,000

Maksimòm Prim Sibvansyon pou yon Biznis / Òganizasyon ki pa la pou fè pwofi: \$500,000

Antite Responsab pou Administrasyon: DEO, sou-benefisyè

Kalifikasyon: 105(a)(15), 105(a)(17), ak 105(a)(8)

Objektif Nasyonal: Avantaj pou moun ki gen revni ba ak modere oswa Bezwen Ijan

Reparasyon Enfrastrikti ak Aktivite Rediksyon

Eta Florida te fè yon gwo investisman nan rediksyon dega pandan 25 lane ki sot pase yo pou garanti enfrastrikti ka fè fas ak enpak van ak inondasyon yo. Siklòn Irma te yon bèl istwa paske evalyasyon deja enfrastrikti a pa te wo menm jan yo te pwojete poutèt gwo investisman eta sa a. DEO ap kontinye ranfòse enfrastrikti eta a kote li kreye yon Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Rediksyon ki pèmèt kominote yo sèvi ak CDBG-DR pou ogmante lòt sous finansman tankou Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program, HMGP), 406 Asistans Piblik (406 PA) Pwogram Rediksyon. Kèk kominote pa kapab itilize tout resous sa yo nèt apre yon dezaz paske yo itilize tout fon lajan kach nan jefò retablisman apre dezaz epi yo pa ka satisfè egzijans pou kontribisyon lokal yo. Pèmèt gouvènman lokal yo jere finansman CDBG-DR pandan kontribisyon yo pral pèmèt kominote yo, sitou ti gouvènman ak gouvènman lokal rital yo, pou itilize tout resous ki disponib pou yo pi byen.

Nan devlopman règleman ak pwosedi yo, yo pral abòde pri avantaj yo. DEO rekonèt aktivite enfrastrikti yo ka gen risk yo pa te planifye ki ka afekte kominote yo. Avèk konpreyansyon sa a, DEO pral

Plan Daksyon Eta Florida pou Retablisman Apre Dezaz

swiv konsèy nou bay nan Rejis Federal la pou evite gwo enpak sou popilasyon ki pi frajil yo ak enjistis anviwònmanal. Epi, DEO rekonèt enpòtans rezidans kont gwo tanpèt epi anplwaye teknoloji yo ka adapte ak depann sou li pou pwoteje kont obsolans enfrastrikti avan lè. DEO pral dekri enplemantasyon teknoloji sa yo, lè sa aplikab, nan règleman pwogram li yo ak manyèl pwosedi yo.

Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Rediksyon

DEO te resevwa yon alokasyon adisyonèl pou yon total apeprè \$156 milyon dola. Yo pral distribiye apeprè \$85 milyon nan Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Rediksyon an. Siklòn Irma te afekte anpil sistèm enfrastrikti kominote a tankou domaje wout, pon ak plaj eta a. Yo pral distribiye lajan an bay kominote Siklòn Irma afekte yo ak yon sik aplikasyon konpetitif ki pay priyorite pou pwojè ki ka demontre bezwen ijan, preparasyon pou kontinye, epi ki benefisye LMI. Kote li posib, DEO pral jwenn lòt sous tankou finansman Asistans Piblik FEMA pou adrese rès bezwen ijan ak bezwen ki pa satisfè nan kominote yo.

Aktivite ki kalifye nan pwogram sa a ka genyen ladan:

- Retablisman enfrastrikti domaje nan Siklòn Irma (tankou dlo ak egou enstalasyon, lari, retire debri, drenaj, pon, elatriye).
- Demolisyon ak reyabilitasyon nan bilding komèsyal oswa endistriyèl piblik oswa prive.
- Renouri sistèm pwoteksyon din kotyè yo ak plaj leta yo.
- Reparasyon nan bilding domaje ki esansyèl pou sante, sekirite ak byennèt nan yon kominote lè reparasyon nan bilding sa yo gen yon bezwen ijan (sa a ka gen ladan estasyon lapolis, ponpye, pak ak sant lwazi, kominote ak sant pou moun aje, lopital, klinik, lekòl ak sant edikatif, lòt pwopriyete piblik).
- Reparasyon nan liy ak sistèm dlo, liy ak sistèm egou, sistèm drenaj ak kontwòl inondasyon.

Avan sik aplikasyon konpetitif la kòmanse pou Pwogram Reparasyon Enfrastrikti ak Rediksyon an, DEO pral voye yon anons nan lis kontak li yo ki dekri detay pwogram sa a anvan ak yon anons nan pajwèb DEO ou ka jwenn [isit la](#). DEO pral kenbe yon fòmasyon avan aplikasyon pou moun ki enterese nan pwogram lan. Pral gen fòmasyon avan aplikasyon sou tout detay program nan. Nou pral fè piblisite pou fòmasyon sa a sou sitwèb la. Epi, apre yon prim tantatif, DEO pral fè yon lòt fòmasyon avan enplemantasyon. Fòmasyon sa a pral kouvri tout materyèl ak atant pou sou-benefisyè yo. Apre yon prim, DEO ap fè fòmasyon, jan sa nesesè.

HUD te anonse Florida ap resevwa yon lòt alokasyon fon espesyalman pou rediksyon. Y ap pibliye Konsèy Adisyonèl nan rejis federal la sou kijan eta yo pral itilize finansman yo. Eta Florida pral defini pwogram li an epi adapte bidjè a nan yon amandman pou plan daksyon sa a, selon konsèy yo.

Sik Aplikasyon Konpetitif

Aplikan yo pral chwazi pwojè oswa pwogram yo pwopoze nan DEO pou finansman konfòmman ak limit avèk objektif DEO yo. Limit sa yo se:

- Pwojè yo dwe demontre yo lye ak Siklòn Irma
- Pwojè pa dwe double avantaj yo.